


# ТIАРИКЪАТАЛЪУЛ МАГIНА




# ТIАРИКЪАТАЛЪУЛ МАГIНА

Тlарикъаталъул магlна Аллагьасдеﷻ унеб нух абураб магlна буго. Тlарикъатал 40-ялдасги цlикlун рицун руго (Джамигlул усул абаураб тlехьалдаса босараб). Гьезул бищун хирияб Накъщубандияб буго, цинги Шазалияб бугила. Накъщубандияб хирияб щай букlунебан абуни, гьеб цогиял гlадин хиса-баси ккечlеб букlиналъе гlолойила, бищун хирияв асхlаб Абубакаридасанرضياللهعنه бачlараб букlиналъе гlологийила ва гьелъул аслу Аллагьасдасанﷻ бачlараб букlиналъе гlологийила.

Аллагьасﷻ рекlел зикру Исрапилعليهالسلام малаикасда малъанила, гьес Микаиласдаعليهالسلام малъанила, гьес Джабраиласдаعليهالسلام малъанила, Джабраиласعليهالسلام Аварагасдаﷺ малъанила, Аварагасﷺ Абубакар асхlабасдаرضياللهعنه малъанила, цогидасда малъичlила. Цоги гьелъул хурхен



4-го тIарикъаталда бугила Къадириябги, Джасатиябги, Кагьвара-диябги, Сагьавардиябги («Канз ул дурар» КъутIбу ГIободиясулقدسسره тIехьалдаса босараб). Сайидул ГIободиясقدسسره абуна: «Дагъистаналда ругел камилал устарзаби жал хун хадубги жидедаса вирд босарал чагIи жидеда лъалел, МахIшаралда жидее кумек-шапагIат гьабулел устарзаби гьал ругила: Шейх Джамалудин ал Гъумукъиقدسسره -гьесул хоб Истампу-лалда буго, Мамадибир ал Рочиقدسسره -гьесул хоб Рочи буго, ГIаб-дурахIман ал хIаджи ас Сугъуриقدسسره -гьев Гъазданущив вуго, гьесул Маъзум Сайгидул ГIободи قدسسره -гьев Маккаялда вуго, МахIмуд апанди ал Алмалиقدسسره, МухIамадун Талатиقدسسره. Дунялалдаса ратIалъаниги жидее хвел гьечIел устарзаби ругила гьал.


٣١٩

Амма Аллагьасдеﷻ жиндир рухI бахине ккани, жив нухда вачунев чIагояв устар къваригIинила (ГIободиясقدسسره абураб рагIи буго гьаб). Фанаъ, Бакъаъ, Усул щун, Вилаят Кубра бачун, гьезул макъамалде жал щварав кIиявго Хъуштадияв-эмен-вас Хаваджа ПирмухIамадхIажи иб-нугьу ХIусенгиقدسسره вугила. Сакъа Аллагьу къубурагьум савба рахIмати ва ризван ва амадана бимададигьим. Аллагьасﷻ гьезул хоб рахIматалъулги разилъиялъулги цIадал-далъун лъалъаги. Гьезул кумекги, баракатги нилъееги щваги. Сайидул ГIободиясقدسسره абуна гьал устарзабаз вирд малъарав мюридасе нахъа цойгиги щивниги устарас вирд кьезе бегьуларилан. Кьун босани кIиябго гIадада хвелилан.

Камилав мюршидасул шартI азаралда тарих щваралдаса нахъа 4 бу-гила-ХIал-МагIрифат буго цо (ай фанаъ, бакъаъ щвараб букIин буго абураб магIна, муракъабаялдалъун Аллагьﷻ лъалев вукIин буго), цIала-рав вукIин кIиго, 40 сон барав вукIин -лъабго, боцIи бугев бечедав вукIин ункъго. Гьелда цебе боцIи тIалаб гьабуларев



вукӀинги хӀал букӀинги 2-го шартӀ букӀунила (ГӀободиясقدسسره абураб рагӀи буго гьаб). Гьал устарзабазул вирдалги шаргӀалъул вирдал руго. ТӀа-рикъаталъул вирдал гьаб заманаялъ гӀавамасени киб хавасасецин ба-жаруларо. Эбел, яц, яс, вас гӀадазда хъатӀани, каки чури гӀадал ва гьезда релъаралги гӀазаимал кквезе ккола. МасхӀу-таямум гьаби сапаралда, кӀал биччай гӀадал рухсаби тезе ккола. Гьелда релъаралги захӀматал жал гӀемерал рукӀуна. Вирдалъулги РабитӀаялъулги баян дица Бустаналда хъван буго. Гьениб хъвайдал гьаниб хъвачӀо. Устарзабазул цӀарал рикӀкӀиялъулъги кӀудияб баракат букӀуна, гьер рикӀкӀиги нилъерго устара-сдасан байбихьун эхедехун рикӀкӀи камилаб буго. Ханасухъе ине ккани, цин нусил бетӀерасухъе ун, гьес наибасухъе витӀун уна, гьебго хӀисаб букӀуна.


٢٢١

Аварагасулﷺ Фанаъ, Бакъаъ щварав вугони гьсни тIасан эхе рикIкIина, гьесиени рикIкIина, гьес рикIкIине хIажатги букIунаро. Устар-шайих кквезеги бихьинасдаги цIуясдаги фарз бугила. Камилав устар цIехон, хIеж гьабизе уневгIан боцIи хвезе гьабунги, ине кколила. Устар гьечIесул устарлъун щайтIан букIунила.

*Хирияв ХIабибасул камилал наибзаби,*
*РекIелъ къасават ккедал ахIи нужеделъидал.*
*Я акътIабазул Саййид Сайид ХIусен Хаваджа,*
*Аман нижер гьари дуда воре ниж рехун тоге.*
*Я шейхуна Хуштади, Сайгидунал ГIободи,*
*ГIабдурахIман Сугъури нуж рихьизе щоларищ?*
*РакIазе канлъи кьолеб жавгьаралъул силсила,*
*Нижер сабаб тIагIидал аман нужеделъидал.*


٣٢٢

جمال الدين غموقي محمد اليراغي
خاص محمد شيرواني شفعت هبلرش
آخر زمن كشلدل عصيان برهرب أهل
نجر پيضلد كنيكل كبر قلن ركلك
إسمعيل الكردمي يا خالد البغدادي
شاه عبد الله دهلوي فيضل بجارش
سيدنا شمس الدين نور محمد بدواني
سيف الدين السرهندي دنيجوب قلرش
يا شيخ محمد معصوم إمام احمد فاروقي
شيخ محمد الباقي كربقي كمن تك
خواجه عبد الباقي إمام درويش محمد
سيد محمد زاهد ور نجكن برشك
يا عبيد الله أحرار ويعقوب الحصاري

علاء

*Джамалудин Гъумукъи, МухIамадун Ярагъи,*
*ХасмухIамад Ширвани шафагIat гьабиларищ.*
*Ахирзаман квешлъидал гIисян бергьараб агьлу,*
*Нужер пайзалъул гунгилъ габур къулун ругелъул,*
*ИсмагIил Курдуми, я Халидул Багъдади,*
*Шагь ГIабдуЛлагь Дегьлави, фуюзал чвахиларищ.*
*Сайидуна Шамсудин, НурмухIамад Бадвани,*
*Сайфудини Саргьанди, данде жаваб кьеларищ.*
*Я шейх МухIамад МагIсум, Имам АхIмад Фарукъи,*
*Шейх МухIмадуль Бакъи, квербакъи камун тоге.*
*Хаваджа ГIабдул Бакъи Имам Дарвиш МухIамад,*
*Сайид МухIамадзагьид воре нижгун барщуге.*
*Я ГIубайдуЛлагь АхIрар, ва ЯгIкъубул ХIасрари,*


شاه بهاء الدين نقشبند ٣٢٣
علاء الدين عطاري انك بجوز شلوشي
شاه نقشبند اويسي سيد امير كلالي
محمد السماسي سبب جيشي بجي
يا علي الراميتني محمود انجير فغنوي
والعارف الريوكري امان نج مغمل تك
يا سيد عبد الخالق ويوسف الهمداني
ابا علي الفرمدي هبلل هبلرش
يا علي الخرقاني ابا يزيد بسطامي
امام جعفر علوي ملرق رچارش
بحر العلوم قاسم زاهد سلمان فارسي
ابوبكر خليفة رج نج نجد غل
طريقتلل اصتل بعرميدل رخصل
سلسلتلل قطب حبيب الله تدخ كن

*ГӀалаудин ГӀатӀари ракӀ чучизе щвеларищ?*
*Шагь Накъщубанд Увайси, Сайгид Амир Кулали,*
*МухӀамаду Самаси сабаб гьечӀищ нижее?*
*Я ГӀалию Рамитни, МахӀмуд Инжир Фагънави,*
*Вал ГӀарифу Ривкари, аман ниж мугьмал тоге,*
*Я сайид ГӀабдулхаликъ, ва Юсупул Гьимдани,*
*АбагӀалил Фармади, гьоболлъи гьабиларищ,*
*Я ГӀалиюл Харкъани, Абаязид БастӀами,*
*Имам ЖагӀфар ГӀалави, малъракье рачинарищ?*
*БахӀрул ГӀулюми Къасим, Загьид Салман Фариси,*
*Абубакар Халифа раче ниж нужеда гъорлъ.*
*ТӀарикъаталъул иццал, багӀар меседил рахсал,*
*Силсилаталъул КъутӀбу ХӀабибулагь цадахъгун.*



*Чурхдул рикIкIалъаниги равхIаниятал рачун,*
*Нижер ракIал чучизе кингIаги раккиларищ?*

ГIадамазул диналдехун ракI гьетIараб мехалъ, щайтIаналъ гьабулеб макру: хиралъи цIикIкIараб жибго тун цIикIкIинчелдехун ракI гьетIизе гьабула. ТIадал жал жалго тун, суннатал гьарула. Иман, ислам, рукну, шартI, АлхIам, АтахIияту мухIканаб хIалалъ лъаларесцин КъурЪаналда, далаилалда тIад чIей гьабула. Жидедагоги, жидер чIужу-хъизамалдаги лъазе гьаризе кколел тIадал жал лъазе гьаричIого, гьезда тIад чIей гьабула, хIатта цIаларал чагIазул чIужу-хъизанцин. Иман исламалъулъ батIаго хIайзалъул, хIукмуялъулъ цIакъ гъапул ратула. Цоял какда цебе-нахъа балеб ратибат


٣٢٥

жибго тунги, жиндир вирд абун, Къуръан-Далаил цIализе рекIуна. Цояз какда хадур гьарулел азкарал гьаричIого цIалула. ЛъагIалида жаниб цингIаги Къуръан ахиралде щвезе гьабуларев Далаил ахIзабазда тIадчIей гьабун вукIуна.

Устарас малъараб вирд тIубачIого, гьеб тIубала. Гьезул цIалулеб къагIидаги лъачIев, магIнаги лъаларев, устарас цIале абун изну кьунги гьечIев жагьилчиясе щайтIаналъ гьадин макру гьабула. Гьаб цIаличIони добги цIалуларев вугони, цIакъ цIалила, цогIаги щвечIого вукIинчIого вукIине. Амма цин фаризаял жал лъазе гьарун хадуб устарасул вирд тIубала, хадуб ирга Къуръаналде щола, я щибаб къоялъ цо-цо жуз цIалила, я радал Ясен, къалъуда Табарака, бакъанида ГIамма, маркIачIуда Алифлам, Сажда, боголида Табарака, Иза вакъагIат



цIалила, рузман сордо-къоялъ АлхIам ХIамим цIалун нахъа щола Далаил АхIзабазде ирга.

Цоги муридасе гьабулеб макру: цо камилав устарасул вирдги босун вукIун, цоги устарасул вирд босула, цоял жиндир устар хведал цогия-сухъе уна, устарзабазе хвел гьечIеблъи лъачIого. Гьединаб жо гьабулев муридасул сурат рокьи гьабулей чIужуялъул хIисабин абула.

Баракат тIалаб гьабун цоги устарасухъе индал гьединго вализабазул хабаде зияраталъе индалги жиндирго устарасул равхIания цебе чIезе гьабун вукIине ккола, щай абуни гьасде ракI балагьизе гьабун гьесул цо карамат бихьанани устарасдаса гьесдехун ракI балагьула, нахъа уста-расул ракI гьесдаса батIалъун баракат къотIула.


٣٢٧

**Зикруялъул хиралъи Къуръан-хIадисалъ гIемер бицун буго.** Аллагьасгиﷻ абуна «Валязикрулагьи акбар»-абун. Аварагасгиﷺ абу-на асхIабзабазда: «Дица нужеда бицинищ бищун лъикIаб гIамал, Ал-лагьасдаﷻ аскIоб жиб цIиккараб, даражабазулъги жиб борхараб, бахъун хвалченгун Гъазават гьабиялдасаги жиб хирияб, гIарцул меседил са-дакъа гьабиялдасаги жиб хирияб гIамал Аллагь рехсей бугилан абун («ФутухIат фи суратил гIанкабут»).

Аварагасﷺ абуна хабал гIазабалдаса бищун хвасарлъулеб гIамал Аллагь рехсей бугилан, Алжаналъул мухьги Лаилагьа Иллалагь бугила, Аллагьﷻ рехсолел чагIазе хабалъ жалго хутIиги букIинарила. Лаилагьа Иллалагь цIан халат гьабун абуни 4000 мунагь гъун инила. ГIамалал цIалелъул Лаилагьа Иллалагь цIаларила, анкьабго зоб-ракь цо рахъал-да лъун Лаилагьа Илалагь цояб



рахъалъан лъунани, камилаб хIалалъ абураб бугони гьеб бергьинила, амма гьаб кири щвезе ккани ихлас шартI буго. Ихласалъул магIна Аллагьﷻ гуреб жо рекIелъ гьечIого букIинги буго, Аллагьﷻ гуреб жо рекIее бокьичIого букIинги буго, Аллагьﷻ гуреб жо макъсуд гьечIого букIинги буго. (ИхIяалдаса босараб). Аварагасﷺ абуна Лаилагьа Иллалагь - алъ жиндир хIакъ тIубанани мунфагIат гьабула, тIубачIони гьабуларо. Гье-лъул хIакъги гIассилъаби загьирлъидал гьелда инкар кквей, хIал кIванани гьеб хвезе гьаби буго абун. («ЛавакъихI» абураб тIохьодаса). «Фу-тухIаталдаги» буго зикруялъул мунфагIат Аллагьасдеﷻ ракI балагьун, Аллагьﷻ гуреб жо рекIелъа къватIиб рехун бачи буго абун. Аллагьасﷻ абулила гIамал хъвалел малаикзабазда гIамал гьабулелъул



ракI букIараб бакIги хъвай абун. ГIамал босун малаикзаби зодоре рахин-дал, Аллагаьасﷻ абулила гьесул гьеб гIамал жиндирго бадиб речIчIеян абун, гьес гьеб гIамал жиндие гIоло гьабичIин абун. Гьесие гьабги-гьабги кириги хъвай, гьабичIониги, гьабизе ният гьабунин гьесин абун абулила («ИхIяалдаса» босараб). Лъабго жо бугила аскIоб кIкIарадул кваркь-иялдаса бакIлъи гьечIел, гъафулго балеб какги, гъафул бачунеб зикруги, адаб-хIурмат гьечIого битIулеб ссалатги («ДжамигIул усулалда-са» босараб). Аварагасﷺ абуна жиндир хIакъ лъачIого Лаилагьа Ил-лалагь абунани, гьеб жиндаго бадиб чIвараблъунги бугила, лъан абуни, лагъзадеридасаго Аллагьасулﷻ цимбахъин нахъ чIвала абун.



Къуръан цIалулев чиги гIемер вукIуна Къуръаналъ жиндие нагIана кьолеван абуна Аврагасﷺ, салля Ллагьу гIалайгьи ва саллям. Сордо-къоялда жаниб 24 сагIат бугила Лаилагьа Иллалагь МухIамад Расули-лагьалъулъги 24 хIарп бугила, цо-цо хIарпалъ цо-цо сагIаталъул мунагь чурулила («Мухтасару равду райяхIин»).

Аварагасﷺ абуна, кигIан какал раниги, кIалал ккуниги, зикру бачани-ги, гIодун магIил ихал рахъаниги, варагI цадахъ гьечIони пайда букIуна-рила. ВарагI абулеб жоги хIалаллъи хIарамлъи лъаларебги -шубгьаябги жо жибго тей буго хIарамлъиялде ккеялдаса хIинкъун («ДжамигIуль усуль»). Имам Гъазалияс абуна гъапулго бачараб зикруялъул дагьаб кири букIуна




абун. «Лаилагьа» - хIакъалдалъун жиндие лагълъи гьабулеб щиго жо батун гьечIо, «Иллалагь»-жиндир вати тIадав цо Аллагьﷻ гурого, «МухIаммадун» - МухIаммад авараг «РасулуЛлагьи» Аллагьасﷻ хал-къалда дин малъизе витIарав Аллагьасулﷻ расул авараг вуго.

Аварагасﷺ абуна анкьабго зобалазулъ гIамал бахунеб рагьабазда малаикзаби ругила гIамалалъул хIал цIехолел. Бищун гъоркьехун гъибат цехолел, гъибат гьабулесул гIамал щведал гьес абулила гIамал босун рачIунел малаикзабазда, чIа, жинца гьаниса тIаде гъибат гьабулесул гIамал биччаларила, гьеб гIамал жиндирго бадиб речIейилан - абулила. КIиабилеб зодоб гIадамазда гъорлъ чIухIун хьвадулесул гIамал цIехолел ругила, чIухIарасул гIамал щведал гьезги додинго



абулила. Лъабабилеб зодоб хIакъаб жо нахъе чIвалесул гIамал цIехолел гьеб нахъ чIвалел ругила, гьезги додинго нахъе чIвалила. Ункъабилеб зодоб живго жиндаго лъикIавлъун вихьулесул гIамал цIехолел, гьеб нахъе чIвалел ругила, гьезги добго хIисабалъ абулила. Щуабилеб зодоб чидае лъикIлъи лъугьине бокьуларесул гIамал нахъ чIвалел ругила, гьединав чиясул гIамал гьезги нахъ чIвалила. Анлъабилеб зодов, гIажизал, загIипал, балагьщварал муъминзабазда гурхIуларесул гIама-лал нахъ чIвалел ругила.

Гьаб анлъабго зобги тун тIадеги вахун анкьабиле зодой щведал Ал-лагьасﷻ абулила, гьеб гIамал гьабулелъул гьесул рекIелъ цоги мурад цадахъ букIанин


٣٣٣

تمت ولله الحمد والمنة

٢٩ شعبان ١٣٥٠ سنة

бацIцIадго жиндие гIоло гьабичIеб гIамал жиндие бокьиларилан, жиндир-го бадиб речIчIе-ян абулила Аллагьасﷻ. Гьаб анкьабго жоялдаса вацIцIалъун гьабураб гIамал Аллагьасдаﷻ аскIоб къабулаб бугила («Сиррул гьидая»).

Жинца гьабулеб гIамал рияалдаса хIинкъун жибгоги теларо гьабизего гьелъие гIоло гьабулеб гьечIони. Таммат валиЛлагьи-ль хIам-ду ва-ль минна. (Гьаб бакIалда лъугIанила рецցги хIамдги Аллагьасеﷻ буго).

АлхIамдулилагь Аллагьﷻ кидаго даим киналго нигIматал тIубазе гьабулеб, цинги салатгин салам Аварагасдеﷺ ХIабибасул шафагIат ризкъилъун щолеб, цинги салам буго гьаб цIаларасда, кодобеги босун гIамал гьабурасда, цинги гьариги хъварасул гьалдеги балагьун мун-пагIат босарасде дугIа гIаммаб гьабун гIахьал гьавеян. Мунагьал чураян дугIа гьабеян. ХIарпал хъварав катиб турулелъулги хъварал хIарпал рукIулин нахъе хутIун. Воре кIвахIаллъуге дугIа гьабизе «Игъфирлагьу» - абун. Рохизе гьаризе муъминзабазе дугIа даимго гьабулев живгоги дугIаялде цIакъго хIажатав, дунги пакъир мискин Нажду ХIусайни ГIаб-дулагь МухIаммад Малгьуфи вугев.

29 шагIбан 1350 сон.



# АБУХIАНИФАТИЛ МАЗГЬАБАЛЪУЛ КАК-КIАЛАЛЪУЛ ИСКЪАТIАЛЪУЛ БАЯН

АбухIанифатил мазгьабалъул как-кIалалъул искъатI агьлулкашфуялъ мунфагIат бугеблъун бихьизе гьабун буго. Гьеб гьабулеб суратги баян гьабун буго. КIухIалал гIадамаца Къуръан босун гьелъул багьа гьечIилан абун, хехго лъугьин тIалаб гьабулеб буго. Нилъеца босизе кIолареб багьаялда мискинчиясе кьей, гьелда Аллагьасе рекIкI гьаби - йилан абун буго.
Гьелъул гьабулеб куц дагьабго бицинин. Цо-цо какалъе баша-башадаб сахI ролъул буго витруялъулги гьабизе ккола, щуябго какилги витруялъулги сордо-къоялъ лъабго сахI ролъул ккола. Гьелъул хIисаб гьабун, бараб лъагIалил хIисаб гьабун, хIал кIвараб гIарацги щвезе гьабун, нахъа лъабго сахIалъул багьаги гьабун, гьеб гIарцул хIисабги гьабун чан къоялъ кколеб бугеб абун цинги божарал закагIат



бегьулел мискинзабиги рачун, щакал жалгоги тун, цинги гьезда абила гьав нижер хварав пулан гьесул как-кIал, гьелъул кафараталъе гьесул боцIиги гIуларо, нужее кьураб боцIи нахъ буссине гьабизе, нахъеги ну-жее кьезе - хьвадизе гьабизе къваригIун буго. Нужер ракI разилъун гьабизе бокьун багоян абила. Цинги васи-варисас абила, пуланав нижер хварав МухIамад, гьесул анкьил яги моцIил какил кафарат лъун дица гьаб 10 томен гIарац дуе кьуна, цинги мискинчияс кодоги босун нахъе кьела назруги гьабун, дица дуе гьаб назру гьабунаянги абила. Нахъа цогиясе кьела, гьедин хьвадизе гьабила бараб сонал хIисаб гьабун. Нахъа кIалалъеги гьабила баща-бащадаб сахI хIисаб гьабун. ГIарац щвечIони жибго ролъалъул гьабила. ЗахIмат бугониги гьеб буго



искъатIалъул гьабулеб къагIида. Как-диналъулъ кIарчамал чагIи рачун бегьиларо. Воре хварав чи вохизе гьавизе мухIкан гьабе цо моцIрол ка-кил кафарат 18 къали ролъ, лъагIалил кафарат 216 къали ролъул буго.

Гьереси гьа гьедун я тIаде жо босун гьабичIого тани кафарат ккола. ГIемер бугони гьелъие гьадабго хIисаб гьабизе бегьула. Гьалъие чIагого рукIунги бегьула, как-кIалалъе бегьуларо. Цо кафарат 10 минскинчиясе цо-цо муд кьезе ккола. Нахъе гьездаса нахъе босун нахъеги гьезие кьун, гьедин хьвадизе гьабила бокьарабгIан кафарат тIубазегIан хьвадизе гьабила. Ясалазе дарай-партал гIарац хIалалаб буго, рокъой йикIун ретIизе гIарац базеги, амма къватIий яхъун чияда бихьизе биччалеб



бугони кинабго хIарамаб буго, хIатта квералда баргъичцин. БагIараб, гIурччинаб ретIелцин хIарамаб буго. Хьитазда гъоркь магIал чIвазецин хIарамаб буго, къац-къац бахъине гьабулеб бугони. ГIарацги бан гьебги загьир гьабун чIужу къватIие яхъине разияв рос, гьединго яс яхъине разиял эбел-эмен, гьезие нагIана кьолел малаикзабазул бо бугила. Гьел рокъоре руссинегIан гьезие нагIана кьолел рукIунила. НагIанаялъул магIна: Аллагьасулﷺ рахIматалдаса рачахъаги абун дугIа гьаби буго. Капурчи-мунапикъчи гуреб жоялда нил ъ е ц а нагIана кьей хIарамаб буго. Квешал чагIазде гуреб, нилъеца кьураб нагIана нилъедего буссуниланги буго. Воре цIакъ цIуне нагIана кIалди ругьунлъиялдаса.


٣٣٨

Абун борчIани тавбу гьабе, нагIана батаги – абидал, хадубго абе – нагIана хIакъаб батани – абун. Цоги гIадамал цIакъ гъафулаб мунагьал кколеб хIукму – налъи-малъи буго. Досдаса босе – абула, гьедин бегьизего бегьуларо. Гьелъулъ абизе ккола – дица мун дидасан дуе бу-геб къали я гъурущ босизе гьадав МухIаммадида тIад витIана – абун. Дицаги къабул гьабуна – абун досги абизе ккола.

Досдаса босе - абун тун тIаса ккоpraро цогIагиясдаса. Я кьун-тун хаду-са тIаса лъугьинавизе ккола. КIиясго воре цIакъ цIуне. Нилъеца босуле-лъул абила, дуца гьаб дие бичизе бугев пуланасдаса кьунищ абун – абила, нахъа дос дов жиндие ине бугев чиги тIаса лъугьине гьавила. Риба чIчIолеб жоялъул дарам назру гьаби буго лъикIаб, амма назру гьабизе



ккани жиндирго букIине ккела, вакил вугони бегьиларо. Гьес назру гьабе абун изну кьун букIаниги бегьиларо.

## ВИРДАЛЪУЛ БАЯН

Гьезул вирдалги шаргIалъул вирдал руго, тIарикъаталъул вирдал гьаб заманаялъ гIавамазе бегьуларо ва бажаруларо. Вирдалги иман исламги камил гьабун, рукну-шартIги АлхIам-АтахIиятги сахIихI гьабун жамагIаталда тIадчIей гьабун, ратибатаздаги, ишракъ зухIа авабиназ-даги витру тагьажудаздаги тIадчIей гьабун бищун гIодобегIанаб 500 би-щун гъоркьияб камилаб -1000 зикру 100 салават гьелда хадуб 100 астагъфируЛлагь, гьаб иргаялда рузман къоялъ салават бищун гъор-кьияб 600, бищун гъоркьияб



камилаб 1000, анкьида жаниб тасбихIалъул как батIаго рузман сордо-къоялъ цIакъго хирияб. Гьаб буго бищун гIодобегIанаб хIал. Гьедасаги дагьаб камилаб 100 къулгьу 100 вахIдагьу щибаб сордо-къоялъ. Гьал вирдал руго бокьаразе кквезе. ХIеж гьабизе унебгIан боцIи кьунги ками-лав устар цIехон сапаралде ине кколила. Жив -жив гIадамасда устар кквезе фарзул гIайн бугилан буго. Устарго щвечIони гурого жинцаго шаргIалъул вирдал хьвадизе гьарун тIубаларо. ШаргIалъул вирдазеги устар къваригIуна («Фатава ал ЧIохъиялдаса» босараб). Вирд тIобитIу-лелъул камилаб куц, цебе рабитIа гьабун тIобитIи буго.

## РАБИТІА ГЬАБУЛЕБ КЪАГІИДА

РабитIаялъул бищун гъоркьияб камилаб куц, къилбаялдеги вуссун накабазда гIодовги чIун абила: -«Я Раби дуца дун дуе лагълъи гьабизе абун вижун вуго,




дуе рекъараб лагълъи дидасанги бегьулеб гьечIо, дун гьелда мукIуравги вуго, дирго гIисян-фискъуялдаги мукIурав - абун. Лъалес сайидул ис-тигъфар абулеб дугIа «Аллагьума анта раби Лаилагьа илла анта ха-лакътани…» ахиралде щвезегIан цIалила, «ЛахIавла вала къувата илла биллагьиги…» абила.

Нахъа лъабцIул кIиябго шагьадатги битIун 25 аставфируЛагь ва ату-бу илайгьи абила, нилъерго мацIалъги Аллагьасдаса ﷻ мунагьал чури тIалаб гьабила, нахъа рухI бахъиялъул пикру гьабила, мекъса ккани бу-геб гIакъубаялъулги пикру гьабила, къаркъала чурулелъул, мусру ба-лелъул, молода къалелъул, хабал жанив вегьулелъул, тIаде ракь хъва-лелъул, гIадамалги къватIир ун мунго хутIиялъул, Мункар Накир вачIун гьикъулелъул гьезие жаваб гьабизе хIал кIвечIони бугеб гIкъубаялъул, гьабуращинаб гIамалги цебе бачIун бадиб чIвай гьабулелъул, лъикIаб гIамал гурого ракI гъезе жо гьечIого



бецIаб хабалъ мунго хутIиялъул, хабалъа тIаде рахъун махIшаралде унелъул, бетIралде бакъ гIагар гьабун бугеб захIмалъабазул, кагътал рикьулелъул квегIисан щванани ругел захIмалъабазул, лъикIаб квешаб гIамал цIан хIисаб гьабулелъул, кьурал щинал нигIматаздаса гьикъа-бакъулелъул. Дуе гьаб бер кьунин, кибе балагьарабин, дуе квер кьунин кибе хIалтIанин, дуе боцIи кьунин кибе гьеб кьунин, -абун кинабгIаги жо-ялдаса гьиикъа-бакъулелъул пикру гьабила.

Гьанже ситатIалде вачIун, гьелъул пикру гьабила, нилъер гIамал би-хьун гурони гIеблъизе рес гьечIеб 15000 сон жинда тIад бугеб тIеренаб сиратIалъул пикру гьабила ва гьеб пикруялда чIела …сангIалъиги гьабун тасбихI-тагьлилги гьабун как балегIан къадаралъ. Нахъа дугIа гьабила «я Рабби мун дида гурхIа, рухI бахъулелъул дир иман цIуне хабал



гlазабалдасаги дуца дун цlуне, Мункар Накир разияб жавабалъе дуца дие тавпикъ кье, махlшаралъул захlмалъаби дие бигьа гьаре, хlисаб су-алалдаги дун вохизе гьаве, сиратlалдасаги дун ворчlизе гьаве, сиратl бахун роххел кье, Хlабиб вихьун хlалхьи кье, Хlабибасулﷺ мадугьалихъ дун рещтlине гьаве.

Дур алжан ризкъилъун кье, дур гьурмаде балагьиги дие ризкъилъун кье, мун разияб гlамалалъе дие тавпикъги кье, я Аллагьﷻ, амин.

Нахъа Алхlамги, Аллагьуги, 30 къулгьуваги, цин Фалакъи, Насиги 30 салатги, нахъа «Алла инна авлияа Аллагьи ля хавфун гlалайгьим ва ла гьум яхlзануна» - абун, нахъа гьелъул кири Аварагасегиﷺ гьесул агьлу асхlабзабазеги Абубакар Сиддикъиясдаса нилъерго устарасде щве-зегlан гьоркьор ругел устарзабазеги кьун нахъа абила «Я Раби дуца дун устарзабазул баракат бахаравлъун, Хlабибасулﷺ шафагlат щварав дур рахlматалъул



бутІа щварав лагълъун гьаве. Дур гІатІидаб цІоб рахІматалдаса дун ватІа гьавуге, ХІабибасулﷺ шапагІаталдаса махІруги гьавуге, гьел ни-жер устарзабазул даражабиги тІадегІан гьаре 40 - ябго гьалаглъулел бакІаздаса дун ворчІизе гьавизе дуца гьезие тавпикъ кье абун. Нахъа дудаго цебе дурго устарасул суратги чІезе гьабун, Аллагьасдеﷻ мун щвезе сабаблъун вугевлъун гьевги тун, гьесдасан дуего баракат щвей тІалабги гьабун, цодагьаб заманаялъ гьесде балагьун чІела. Нахъа цо 10 халатаб зикруги бачун, жиндир бугеб хІалалда зикру бачина, нахъа салат битІила нахъа 100 астагъфируЛлагь абила, нахъа дугІ гьабила. Гьаб буго камилаб рабитІа пикру гьабе. Кириги кьун нахъа гьабила



Аллагьасдаса гурого щибго жо гьечIолъиялдаги, гьес ворчIизе гьавун гурого ворчIун гутIиялдаги мукIурлъун гьев Аллагьасдеﷺ щвезе сабаб-лъун вугевлъун устарги тун гьесде балагьун чIела. Гьелъул бищун къокъаб, гIодовги чIун 10 астагъфируЛлагь абила, наъа АлхIамги, Ал-лагьуги, 3 Къулгьуваги, цин Фалакъи, Насиги цIалун гьелъул кириги кьун, устарги цеве чIезе гьавун зикру бачина, ай вирд тIобитIила. РабитIа-ялъул кириялъулъ эбел эмен гIахьал гьаризеги бегьила. Устар ккурал нилъерго вирдалъулъ ругел ругони, гIахьал гьаричIого тей камилаб буго. РабитIа кигIан цIцIикIкIун гьабуниги бегьила.


٣٤٦
وِنْدَلِّكْ كِرِ قْزِكِ لِكْ هَجْ :—
اَسْتَغْفِرُ اللّٰهَ دِيقْ اللّٰهَ صَلْ دِرْ مُنَغَلْ
چُرِ هَرُلَ دِ دَصْ بِهَنْ شِنَبْ مُنَغَلْدَصْ
رَكِقْلِنْ وَاَتُوبُ اِلَيْهِ دُنْ هِوْ اللّٰهَ صْدِكْ
وُصَنَ كِنَبْ غَكِ شَرْعَلْدَ خَلِفَبْ جُيَلْدَصْ
اَبُرَبْ مَعْنَى بُكُ تمت
نِلِرْ نَقْشُبَنْدْ طَرِيقَتَلْدَ مِسِدِلْ طَرِيقَتْ
اَبُلَ ثُكِ كِنَلْكُ طَرِيقَتْزْدَصْ خِرِيَبْ
بُكِنَلِ غُلَ شَيْ هِبْ خِرِيَبْ بُكُنِبْ اَبُنِ لِبْكُ
سَبَبَلِ غُلَ ـا ثُكِدَلْ طَرِيقَتْزُلِ غَدِنْ
هِلِلْ شِبْنِكِ اَوَرَكَصْ اَبُرَلْدَ صَ حِسَ بَسِ
رِكُجُبْ

Вирдалъул кири кьезеги лъикIаб гьечIо. «АстагъфируЛлагь» - дица Аллагьасда ﷻ дир мунагьал чури гьарула, дидаса бегьанщинаб мунагьалдасаги рекIекълъун, «ва атубу илайгьи» -дун гьев Аллагьасдеги ﷻ вуссана, кинабгIаги шаргIалда халипаб жоялдаса -абураб магIна буго. Таммат.

Нилъер накъшубанд тIарикъаталда меседил тIарикъат абула, цойги киналго тIарикъатаздаса хирияб букIиналъе гIоло, щай гьеб хирияб букIунеб абуни, лъабго сабабалъе гIоло, **тIоцебесеб** цогидал тIарикъатазулъ гIадин гьелъулъ щибниги Аварагас ﷺ абуралдаса хиса-баси


من كنز الدرر
الحمد لله رب العالمين وصلى الله على سيدنا محمد وآله كلما ذكره الذاكرون
وغفل عن ذكره الغافلون امين يا ارحم الراحمين وارحم مؤلف هذا الكتاب
اللهم اجعل ما كتبته وصلة ووسيلة وقربة الى اوليائك واصفيائك
وحبيبك وبهم اليك واجعل جزائي مغفرة منك ورحمة لي ولوالدي
وللمؤمنين والمؤمنات واجعله سببا لدعاء الاخوان

ккечIеб букIиналъе гIолойила, **2** -Аварагасﷺ рекIел зикру Абубакри-даرضياللهعنه гурони малъичIила, Аварагасда хадув хирияв АсхIаб Абу-бакрرضياللهعنه гьесдаса эхебе бачIараб букIиналъеги гIолоййила. ГIали-асхIабасдаرضياللهعنه Аварагасﷺ кIалалъул зикру малъанила, Аварагﷺ хведал Абубакарицаرضياللهعنه нахъа рекIелги малъанила. **3** - гьелъул аслу Аллагьасдасаﷻ букIиналъе гологийила. Аллагьﷻ-бетIергьанас рекIел зикру Исрапилعليهالسلام Малаикасда малъанила, Исрапи-ласعليهالسلام МикагIилعليهالسلام малаикасда малъанила, МикагIилас Джабраилعليهالسلام Малаикасда малъанила, ДжабрагIилас Аварагасдаﷺ малъанила Аварагасﷺ Абубакаридаرضياللهعنه малъанила. Гьедиб эхебе бачIараб букIиналъе гIологийила гьеб хирияб бугеб. (мин «Канзи ду-рар»), ай канзул дурараалдаса босараб. **АлхIамдулилагьи рабил ГIаламин, ва свалляПлагьу гIала сайидина МухIаммадин ва алигьи, кулляма закарагьу закируна ва гъафала гIан зикригьи гъафилуна. Амин я архIама рахIимин, вархIам муаллифа гьазаль китаб. АллагьумаджгIал ма катабтугьу васлатан ва василятан ва къурбатан иля авлияика ва асфияика ва Хабибика ва бигьим илайка ва джгIал джазаи магъфиратан минка ва рахIматан ли ва ливалидайя ва лилмуъминина валь муъминати ва джагIалгьу сабабан ли дугIаиль ихван.**


بسم الله الرحمن الرحيم